



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**ICYMI: GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE YON SERI INISYATIV ANVIWÒNMANTAL
POU GIDE PEYI A NAN LIT POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK LA**

***Gouvènè a Ankouraje Apwobasyon Pi Gwo Pwojè Enèji Ewolyèn Bò Lanmè nan
Kot Long Island; Angajman san Presedan pou Devlope Jiska 2.4 Gigawatts Enèji
Ewolyèn Bò Lanmè vè 2030, ki Ase pou Alimante 1.25 Milyon Kay***

***Ajans Piblik Dirèk yo ap Detèmine Rantabilite ak Chemen Responsab pou Atenn
100 Pousan Enèji Renouvlab nan Tout Eta a***

***Nouvo Plan pou Redwi Inisyativ Gaz ki Gen Efè Sèr Rejyonal yo (Regional
Greenhouse Gas Initiative, RGGI), a 30 Pousan, Ant 2020 e 2030***

***Gouvènè a Anonse Akò pou Fèmè Indian Point vè 2021 – 14 An Pi Bonè ke Dat
yo te Prevwa a Dapre Kondisyon Re-otorizasyon Federal la***

***“M ap mande LIPA pou apwouve yon fèm ewolyèn 90 megawatt ... Se pral pi gwo
pwojè enèji ewolyèn bò lanmè nan peyi nou an... Travay li. Se enèji pwòp e se
enèji ki pa chè ki answit ap pouse ekonomi an. E nou p ap kanpe la. Nou gen yon
manda pou kreye 50 pousan enèji renouvlab vè lane 2030. Nou vle genyen 2.4
gigawatts enèji ewolyèn bò lanmè vè 2030 e nou p ap kanpe jiskaske nou atenn
100 pousan enèji renouvlab paske se sa yon New York ki reyèlman dirab ye.”***

Semèn sa, Gouvènè Andrew M. Cuomo revele yon seri pwopozisyon odasye pou gide peyi a nan lit pou konbat chanjman klimatik la. Gouvènè a mande Otorite Enèji Long Island yo (Long Island Power Authority) pou apwouve pi gwo fèm ewolyèn bò lanmè peyi a – yon pwojè enèji ewolyèn 90 megawatt bò lanmè a 48 kilomèt nan sid Montauk ki p ap vizib depi plaj Long Island yo. Li te pwopoze tou yon angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 gigawatts enèji ewolyèn bò lanmè vè 2030, yon pwodiksyon kouran ki ase pou 1.25 milyon kay e pi gwo angajman nan istwa Etazini. Li te mande DEC (Department of Environmental Conservation) ak NYSERDA (New York State Energy Research & Development Authority) a tou pou antreprann etid konplè pou detèmine ki mwayen ki pi rapid, pi rantab e ki pi responsab pou atenn 100 pousan enèji renouvlab nan tout eta a.

An fonksyon siksè Nòm Enèji Pwòp la (Clean Energy Standard), Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York te pran yon angajman pou li redui emisyon gaz ki gen efè sèr yo a yon lòt 30 pousan anvan 2020 parapò a 2030. Sa make premye inisyativ de pati sou baz rejyonal peyi a pou redwi emisyon kabòn sektè enèji a. Nan twazan ki sòt pase yo, emisyon yo te toujou pi ba pase nivo maksimòm yo; yo te a 5 pousan odesou nivo maksimòm nan an 2014 e yo estime y ap a 8 pousan odesou nivo maksimòm nan an 2016.

Anplis, Gouvènè Cuomo te anonse jodi a, fèmte Indian Point Energy Center an apati mwa Avril 2021. Dapre akò a, Entergy te dakò pou mete fen nan tout operasyon nan etablisman an, ak plan pou fèmen Inite 2 Indian Point lan pi bonè ke Avril 2020 e pou Inite 3 a nan Avril 2021. Y ap ofri tout travayè nan izin nan nouvo djòb nan lòt etablisman Entergy yo, e eta a ap ofri lòt fòmasyon nan nouvo sektè enèji renouvlab yo. Eta a ap kapab kreye plis kouran elektrik ki ase pou ranplase kapasite Indian Point lan vè 2021 atravè mizajou transmisyon yo ak nouvo, sous pwodiksyon ki konplètman otorize yo, ki genyen ladan yo, enèji idwolik renouvlab, pwòp.

VIDEYO Gouvènè Cuomo k ap mande apwobasyon pou pi gwo pwojè enèji ewolyèn bò lanmè nan kot Long Island epi k ap revele angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 gigawatts enèji ewolyèn bò lanmè vè 2030, disponib sou YouTube [isit la](#) e nan bon kalite videyo (fòma h264) [isit la](#).

VIDEYO Gouvènè k ap anonse fèmte Indian Point lan disponib sou YouTube [isit la](#) e nan bon kalite videyo (fòma h264) [isit la](#).

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou pi gwo fèm ewolyèn peyi a [isit la](#); objektif RGGI a [isit la](#); e sou fèmte Indian Point lan [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418